

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

A. Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data ieu panalungtikan, bisa ditepikeun sababaraha kacindekan saperti di handap

1. Tahap pangaweruh rarangkén hareup murid di kelas IX- A SMP PGRI Dago Pakar Kabupaten Bandung aya dina tahap cukup.
2. Tahap ngalarapkeun rarangkén hareup kana kalimah murid di kelas IX- A SMP PGRI Dago Pakar Kabupaten Bandung aya dina tahap cukup.
3. Kasulitan siswa dina pangaweruh jeung ngalarapkeun rarangkén hareup kana kalimah, aya dina tahap sedeng.
4. Korélasii antara pangaweruh jeung kamampuh dina ngalarapkeun rarangkén hareup kana kalimah signifikan

B. Saran

Sabada nepikeun analisis jeung déskripsi data dina Bab IV, anu tuluy dicindekkeun dina Bab V, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun.

1. Dina panalungtikan ieu muser kana opat konsep nya éta (1) kumaha kamampuh pangawéruh ngeunaan rarangkén hareup, (2) kumaha kamampuh dina ngalarapkeun rarangkén hareup kana kalimah (3) rarangkén hareup naon waé anu dianggap sulit, jeung (4) korélasí antara pangawéruh rarangkén hareup jeung kamampuh dina ngalarapkeun rarangkén hareup kana kalimah. Dipihareup aya deui panalungtikan séjén pikeun néangan aspék-aspék lian anu aya patalina jeung rarangkén hareup nu leuwih lega ambahanana.
2. Dina ngajarkeun rarangkén hareup téh ulah ngan saukur dina widang pangaweruhna wungkul, tangtuna ogé kudu dibarengan ku cara ngalarapkeunana.
3. Ieu panalungtikan téh ngagarap kamampuh ngalarapkeun rarangkén hareup di murid SMP. Ku kituna, dipihareup aya deui panalungtikan séjén anu nuluykeun kana panalungtikan kamampuh ngalarapkeun rarangkén hareup pikeun murid SMA.

